

Yo te bay tradiksyon sa a pou konvenyans ou epi li pa sèvi kòm yon ranplasman pou avi ofisyèl yo te ba ou an angle a. Pou enfòmasyon espesifik nan ka a, ou dwe refere a avi ofisyèl la nan lang angle a. Vèsyon ofisyèl lang angle a kontwòl si gen nenpòt diferans ki kreye nan tradiksyon yo.



**United States Department of Justice
Executive Office for Immigration Review
[Base City] Immigration Court**

[Non ou]

[Non avoka, si sa aplikab]

Si adrès ki nan lis la a pa kòrèk, tanpri
gade enstriksyon "Chanjman Adrès"
anba a.

Kavalye(yo):

A-Nimewo(yo): [Gade Avi Ofisyèl]

NAN PWOSEDI RETRASYON

Dat: [Gade Avi Ofisyèl]

Avi sou [Gade Avi Ofisyèl] Odyans

Yo pwograme ka ou a pou yon [Gade Avi Ofisyèl] odyans devan tribinal imigrasyon nan:

Dat: [Gade Avi Ofisyèl]

Tan: [Gade Avi Ofisyèl]

Direksyon Adrès: [Gade Avi Ofisyèl]

Si odyans ou a pa an pèsòn, w ap jwenn aksès nan odyans ou
atravè lyen ki anba a:

Zòn sa a vid sou Avi Ofisyèl ou a si odyans ou an se an pèsòn.

Reprezantasyon: Ou ka reprezante nan pwosedi sa yo, san okenn depans pou Gouvènman an, pa yon avoka oswa yon lòt reprezantan ou chwazi ki otorize ak kalifye pou reprezante moun devan yon tribinal imigrasyon. Si w reprezante w, avoka w oswa reprezantan w dwe parèt tou nan odyans ou a epi pare pou kontinye ak ka w la. Mete ak sou entènèt nan <https://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers> se yon lis founisè sèvis legal gratis ki ka ede ou.

Si ou pa parèt: Si w pa parèt nan odyans ou a epi Depatman Sekirite Enteryè a etabli pa prèv ki klè, san ekivok, ak konvenkan ke yo te bay yon avi alekri sou odyans ou a e ke w ka retire w, y ap òdone pou retire w nan peyi Etazini. Eksepsyon nan règ sa yo se sèlman pou sikonstans eksepsyonèl.

Chanjman Adrès: Tribinal la ap voye tout korespondans, enkli avi odyans yo, ba ou dapre enfòmasyon kontak ki pi resan ou te bay yo, epi pwosedi imigrasyon ou a kapab ale devan ou si ou pa parèt devan tribinal la. Si enfòmasyon kontak ou a manke oswa yo pa kòrèk nan Avi pou parèt, ou dwe bay tribinal imigrasyon enfòmasyon kontak ou mete ajou nan senk jou apre ou resewa avi sa a pou ou pa rate enfòmasyon enpòtan. Chak fwa adrès ou, nimewo telefòn, oswa adrès imel ou chanje, ou dwe enfòm tribinal imigrasyon an nan senk jou. Pou mete ajou enfòmasyon kontak ou ak tribinal imigrasyon an, ou dwe ranpli yon Fòm EOIR-33 swa sou Entènèt nan <https://respondentaccess.eoir.justice.gov/en/> oswa pa [ranpli fòm papye ki anvelope a](#) epi voye li pa lapòs bay tribinal imigrasyon ki endike anwo a.

Odyans ki baze sou Entènèt: Si w gen pwograme pou w gen yon odyans ki baze sou entènèt, w ap parèt pa videyo oswa telefòn. Si w prefere parèt an pèsòn nan tribinal imigrasyon ki site pi wo a, ou dwe depoze yon mosyon pou yon odyans an pèsòn nan tribinal imigrasyon an omwen kenz jou anvan dat odyans ki endike anwo a. Gen plis enfòmasyon sou odyans ki baze sou Entènèt pou chak tribinal imigrasyon disponib sou sitwèb EOIR nan <https://www.justice.gov/eoir/eoir-immigration-court-listing>.

Odyans an pèsòn: Si w gen pwograme pou w gen yon odyans an pèsòn, w ap parèt an pèsòn nan tribinal imigrasyon ki site pi wo a. Si w prefere parèt adistans, ou dwe depoze yon mosyon pou yon odyans ki baze sou entènèt ak tribinal imigrasyon an omwen kenz jou anvan dat odyans lan bay pi wo a.

Pou enfòmasyon sou ka w la, tanpri rele **1-800-898-7180** (gratis) oswa **304-625-2050**.

**Sètifika Sèvis sou dokiman sa a pèmèt tribinal imigrasyon an
pou anrejistre avi sa a ba oumenm ak Depatman Sekirite Teritwa.**

CERTIFICATE OF SERVICE

THIS DOCUMENT WAS SERVED BY: MAIL [M] PERSONAL SERVICE [P] ELECTRONIC SERVICE [E]

TO: ☐ Noncitizen | ☐ Noncitizen c/o Custodial Officer |

☐ Noncitizen ATT/REP | ☐ DHS

DATE: _____ BY: COURT STAFF _____

Attachments: ☐ EOIR-33 ☐ Appeal Packet ☐ Legal Services List ☐ Other NH



Use a smartphone's camera to scan the code on this page to read the notice online.

Usa la cámara de un teléfono inteligente para escanear el código de esta página y leer el aviso en línea.

Use a câmara do smartphone para digitalizar o código nesta página e ler o manual de instruções online.

使用智能手机摄像头扫描本页面的代码，即可在线阅读该通知。

ਨੋਟਿਸ ਨੂੰ ਆਨਲਾਈਨ ਪੜ੍ਹਨ ਲਈ ਇਸ ਪੰਨੇ 'ਤੇ ਕੋਡ ਨੂੰ ਸਕੈਨ ਕਰਨ ਲਈ ਸਮਾਰਟਫੋਨ ਦੇ ਕੈਮਰੇ ਦੀ ਵਰਤੋਂ ਕਰੋ।

অনলাইনে নোটিশ পড়ার জন্য এই পজেরে কোডটি স্ক্যান করতে স্মার্টফোনের ক্যামেরা ব্যবহার করুন

सूचना अनलाइनमा पढ्न यस पृष्ठमा कोड स्क्यान गर्न
स्मार्टफोनको क्यामेरा प्रयोग गर्नुहोस्।

Sèvi ak kamera yon telefòn entèlijan pou eskane
kòd ki nan paj sa a pou li avi a sou entènèt.

استخدم كاميرا الهاتف الذكي لمسح الرمز الموجود في
هذه الصفحة لقراءة الإشعار على الإنترنت

Чтобы прочитать уведомление онлайн, отсканируйте
код на этой странице с помощью камеры вашего
смартфона.

Utilisez l'appareil photo d'un téléphone intelligent
pour scanner le code sur cette page afin de lire
l'avis en ligne.